

# Ekzijans pou komèsan kap vann pankat

Tout magazen andetay kap vann pankat ki gen enfòmasyon ki deja enprime sou yo, tankou pankat ki anonse lavant nan garaj prive; kay pou lwe; kay pou vann; elatriye, fèt pou afiche sou kontwa kès yo, yon afich ki ekri nan lang Angle, Panyòl ak Kreyòl Ayisyen, ki avize kliyan yo ke li ilegal pou yo mete pankat nan dwad-pasaj piblik e ke kèlkeswa moun ki mete jande pankat sa yo nan dwad-pasaj yo, yo ka ba yo yon kontravansyon pou sa.

*Yo ka ekzije moun kap bay pankat yo ak/oswa moun kap plase pankat yo pou yo repare kèlkeswa domaj ki fèt akòz plasman pankat la, e sa gen ladann tou, ranplasman nenpòt pyebwa ki domaje oswa ki detwi poutèt plasman pankat la.*

Depatman Resous Ekonomik ak Règleman Miami-Dade (Miami-Dade Regulatory and Economic Resources Department) angaje l pou l bay piblik la sèvis, pou l fè sa, li asire l gen konfòmite anplas pou tout kòd ak règleman aplikab yo, defason pou kenbe tout katye yo san danje e pou amelyore kalite vi kominote a.

Pou enfòmasyon adisyonèl sou pankat yo plase nan dwa-pasaj yo ...

- Rele Divizyon Règleman Katye a (Neighborhood Regulations Division) nan (786) 315-2552
- Rele nan 3-1-1 pou Sant Repons Konte Miami-Dade la
- Ale sou sit Entènèt la nan [www.miamidade.gov/building](http://www.miamidade.gov/building)

Pou rapòte nenpòt vyolasyon nan kòd katye a, tanpri, rele nan 3-1-1 oswa ekri yon lèt epi voye l pa imèl nan [311@miamidade.gov](mailto:311@miamidade.gov).

Bwochi sa a se yon gid jeneral li ye e li pa gen priorite sou Kòd Ôdonans Konte Miami-Dade la.



Carlos A. Gimenez, Majistra

## ASANBLE KOMISYONÈ KONTE

Jean Monestime, Prezidan; Esteban Bovo, Jr., Vis Prezidan;  
Barbara J. Jordan, Distrik 1; Jean Monestime, Distrik 2;  
Audrey M. Edmonson, Distrik 3; Sally A. Heyman, Distrik 4;  
Bruno A. Barreiro, Distrik 5; Rebeca Sosa, Distrik 6; Xavier L. Suarez,  
Distrik 7; Daniella Levine Cava, Distrik 8; Dennis C. Moss, Distrik 9;  
Sen. Javier D. Souto, Distrik 10; Juan C. Zapata, Distrik 11;  
José "Pepe" Díaz, Distrik 12; Esteban Bovo, Jr., Distrik 13

Harvey Ruvin, Grefye Tribinal yo; Pedro J. Garcia, Evalyatè Pwopriyete;  
Robert A. Cuevas Jr., Avoka Konte

Konte Miami-Dade bay aksè egal ak opòtinite egal nan anlwa ak nan sèvis e li pa diskrimine poutèt andikap.

"Se règleman Konte Miami-Dade pou l konfòme l a tout ekzijans Lwa ki konsène Ameriken ki gen Andikap yo (Americans with Disabilities Act)."

# DEPATMAN RESOUS EKONOMIK AK RÈGLEMANTÈ

Konfòmite a Kòd Komen Defi pou Pwopriyete  
Rezidansyèl nan Konte Miami-Dade ki pa enkòpore



NEIGHBORHOOD REGULATIONS  
11805 SW 26th Street, Suite 230  
Miami, FL 33175-2464  
Lendi - Vandredi  
7:30 am – 4:00 pm  
Esepte jou fèt



## Pankat yo plase nan dwad-pasaj yo kreye yon blokaj vizyèl pou chofè kap kondwi machin yo epitou yo se yon fòm polisyon

Kòd Ôdonans Konte Miami-Dade entèdi kèlkeswa moun nan pou li plase nenpòt pankat nan limit kèlkeswa dwad-pasaj konte a jere. Dwad-pasaj la gen ladann, men li pa limite a sa yo sèlman, tout bò wout yo, tout twòtwa, tout poto elektrik, ak bann medyàn sou otowout yo. Tout wout ansanm avèk tout teren ki tou kole ak yo, yo konsidere yo kòm dwad-pasaj amwenske yo nan devlopman prive kote teren an pa yon teren ki sou konte Konte Miami-Dade.

Nan yon efò pou kenbe e pou kontinye amelyore kalite katye nou yo, e pou asire konfòmite a kòd yo, Ofisye Konfòmite Katye yo nan Depatman an fè patwouy nan katye yo regilyèman, pou retire ak jete tout pankat, e pou yo fè plizyè nan travay ranfòsman kòd yo gen responsabilite pou fè yo.

Kèlkeswa moun ki mete yon pankat nan dwad-pasaj la, moun sa a ap gen pou l peye yon amann mak-simòm de \$510.00 pou chak Pankat.

Li koute Konte Miami-Dade anpil kòb pou l retire pankat ilegal yo. Pou konpanse pou chaj sa a, yo bay kontravansyon san okenn avètisman pou chak pankat anplwaye konte a retire nan dwad-pasaj la.

## Montan kontravansyon yo

Premye Ofans	
Pankat ki mwenske 22" X 28"	<b>\$60</b>
Pankat ki pliske 22" X 28"	<b>\$160</b>
Labanyè, Drapo, Bandwòl	<b>\$210</b>
Pankat ki antre nan yon pyebwa	<b>\$60</b>

Dezyèm ofans	
Pankat ki mwenske 22" X 28"	<b>\$110</b>
Pankat ki pliske 22" X 28"	<b>\$310</b>
Labanyè, Drapo, Bandwòl	<b>\$410</b>
Pankat ki antre nan yon pyebwa	<b>\$210</b>

Ofans Annapre yo	
Pankat ki mwenske 22" X 28"	<b>\$210</b>
Pankat ki pliske 22" X 28"	<b>\$610</b>
Labanyè, Drapo, Bandwòl	<b>\$810</b>
Pankat ki antre nan yon pyebwa	<b>\$510</b>

Penalite yo akimile lèfini yo ka plase yon dwad retansyon sou byen imobilye a oswa yo ka anrejistre yon jijman kont yon moun si li pa peye amann yo, frè ranfòsman yo, ak frè administratif yo.

Al gade nan Seksyon 2-103.15 nan Kòd Ôdonans Konte Miami-Dade